

Patient Education

COVID-19 ak pwosedri pou pasyan ki pa entèn lopital

You must carefully read the "Consumer Information Use and Disclaimer" below in order to understand and correctly use this information

Apwopo sijè sa a

Yon lòt non yo konn bay maladi kowonaviris 2019 se COVID-19. Se yon viris yo rele kowonaviris ki mache ak SARS (SARS-CoV-2) ki lakòz li. Doktè ak lopital yo voye anpil operasyon ak pwosedri ki pa t ijan pou pi ta. Yo fè sa pou plizyè rezon.

- Pèsonèl medikal la sipoze mete kach-nen, rad lopital ak gan pou anpil pwosedri oswa operasyon. Pa t gen ase nan bagay sa yo e pèsonèl medikal la te bezwen yo pou pran swen pasyan ki gen COVID-19 yo.
- Gen pasyan ki ka gen COVID-19 sa yo pa konn sa. Jan de pasyan sa yo ka yon danje pou pèsonèl medikal la ak lòt pasyan yo.
- Anpil moun k ap travay nan diferan sèvis nan lopital yo te oblije pran swen moun ki te gen COVID-19. Sa vle di yo pa t ka fè travay nòmal yo.
- Gen kèk moun ki te malad anpil akòz COVID-19 ki vin bezwen yon machin respirasyon pou ede yo respire. Doktè yo te sèvi ak machin respirasyon yo te konn itilize nan sal operasyon yo pou ede moun ki gen COVID-19.

Jeneral

Pèsonèl medikal la panse gen mwens danje kounye a pou ou fè pwosedri w oswa operasyon w. Yo kapab pran swen w ak plis sekirite pase jan sa te ye anvan an.

Pandan w ap prepare pou operasyon w oswa pwosedri w, tanpri sonje pou:

- Fè yon tès pou COVID-19 si doktè w mande sa.
- Ale nan tout randevou preparasyon pou operasyon an, kit se yon randevou telemedsin, kit se an pèsòn.
- Rete an karantèn jis nan dat operasyon an. Sa vle di evite lòt moun toutotan sa posib. Sa limite posiblite pou w ekspeze ak COVID-19.
- Rete nan yon chanm apa epi sèvi ak yon twalèt apa, si sa posib. Mande yon manm fanmi w oswa yon zanmi w al achte manje, medikaman oswa lòt bagay ou bezwen yo.

- Mete yon kach-nen ki fèt an twal si gen moun bò kote w. Pratike distansyasyon sosyal epi kenbe yon distans omwen 6 pye (1,8 mètr) ak lòt moun.
- Lave men w souvan avèk dlo ak savon pandan omwen 20 segonn, sitou apre w touse oswa estènen. Itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60 pousan alkòl ladan l si w pa ka jwenn dlo ak savon. Fwote men w avèk dezenfektan an pandan omwen 20 segonn.
- Siye objè ak sifas ou manyen souvan yo avèk yon dezenfektan.
- Veye sentòm yo epi rele doktè w si w gen yon lafyèv ki plis pase 100,4°F (38°C), frison oswa tous.
- Se pou w dispoze fè chanjman. Yo gendwa chanje dat operasyon w oswa pwosedi w. Sa ki pi enpòtan an, se fè tout sa ki nesesè pou rete an sekirite e pou lopital la pran swen w san danje.

Nan jou operasyon an oswa pwosedi a, bagay yo ka diferan tou. Men sa ki gendwa fèt:

- Yo pran tanperati w lè w rive nan lokal la. Yo poze w kesyon sou nenpòt lòt sentòm. Depistaj sa a ap ede pèsònèl medikal la konnen ou an sante e ou kapab fè operasyon w oswa pwosedi w.
- Yo ba w yon kach-nen. Ou gendwa remake pèsònèl medikal la gen kach-nen, non sèlman nan sal operasyon an, men lòt kote tou.
- Yo mande w vini poukont ou oswa limite kantite moun ki ka akonpaye w. Veye pou pran nimewo telefòn yon moun kontak.
- Yo mande w itilize teknoloji, tankou yon telefòn oswa yon òdinatè, pou kenbe kontak ak fanmi w oswa zanmi w yo.
- Yo voye operasyon w oswa pwosedi w pou yon lòt dat si w malad oswa si yon tès montre ou gen COVID-19.

Apre operasyon w oswa pwosedi w, men sa ki gendwa fèt:

- Pèsònèl medikal la ap rete an kontak avèk moun ou bay kòm kontak la. Yo gendwa kontakte l an pèsòn, nan telefòn oswa yon lòt fason.
- Ou gendwa ale lakay ou oswa rete lopital, selon sa ki te fèt la.
- Y ap aprann ou ki jan pou w pran swen tèt ou lakay ou. Si sa nesesè, pèsònèl medikal la ap bay moun ou bay kòm kontak la menm enfòmasyon sa yo.
- Yo ka mande w pou fè vizit atravè teknoloji telemedsin, al kay doktè w, oswa itilize toule de metòd sa yo.

Itilizasyon ak dechaj responsablite konsènan enfòmasyon konsomatè yo:

Enfòmasyon sa yo pa reprezante okenn konsèy medikal an patikilye, epitou yo pa ranplase enfòmasyon ou jwenn nan men pwofesyonèl sante w la. Yo se sèlman yon ti rezime enfòmasyon jeneral. Se PA tout enfòmasyon ki egziste sou kondisyon, maladi, blese, tès, pwosedi, tretman, terapi, enstriksyon pou egzeyat yon pasyan oswa chwa konsènan mòd devi ki gendwa aplike nan sitiyasyon pa w. Ou dwe pale avèk pwofesyonèl sante w la pou jwenn tout enfòmasyon ou bezwen sou sante w ak opsyon tretman ou genyen. Ou pa ta dwe itilize enfòmasyon sa yo pou deside si pou aksepte oswa si pou pa aksepte konsèy,

enstriksyon oswa rekòmandasyon pwofesyonèl sante w la. Se sèl pwofesyonèl sante w la ki gen ase konesans ak fòmasyon pou ba w konsèy ki bon pou ou.

Last Updated 5/19/21



© 2021 UpToDate, Inc. and its affiliates and/or licensors. All rights reserved.